



Pou Piblikasyon Imedya: 25/07/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN PWOJÈ LWA KI AP PWOTEJE MOUN NEW YORK YO  
KONT VYOLASYON SEKIRITE ENFÒMASYON YO**

***S.5575B/A.5635 - oswa Lwa SHIELD - Ap Enpoze Pi Gwo Obligasyon sou Biznis  
Ki Ap Jere Enfòmasyon Kliyan Prive yo pou Bay Notifikasyon ki Apwopriye sou  
Vyolasyon Enfòmasyon yo***

***A.2374/S.3582 Egzije Ajans Rapò Kredi Konsomatè yo Ofri Sèvis Prevansyon ak  
Rediksyon Vòl Idantite yo pou Konsomatè Ki Te Afekte pa yon Vyolasyon  
Sekirite***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a pwojè lwa pou pwoteje moun New York yo kont vyolasyon enfòmasyon yo. Gouvènè a te siyen Lwa Sispann Pirataj epi Amelyore Sekirite Enfòmasyon Elektwonik (Stop Hacks and Improve Electronic Data Security) - oswa SHIELD - (S.5575B/A.5635), ki ap enpoze pi gwo obligasyon sou biznis yo ki ap jere enfòmasyon prive yo pou bay notifikasyon ki apwopriye pou konsomatè ki afekte yo lè gen yon vyolasyon sekirite. Gouvènè a te siyen tou pwojè lwa (A.2374/S.3582) ki ap egzije ajans rapò kredi konsomatè yo ofri sèvis prevansyon ak rediksyon vòl idantite yo pou konsomatè ki te afekte pa yon vyolasyon sekirite sistèm ajans lan.

"Pandan ke teknoloji ap antre nan chak aspè nan lavi regilye nou, li ap vin deplizanpli krisyal pou ke nou fè tou sa nou kapab pou asire ke enfòmasyon ke yo konfye konpayi yo sekirize", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Reyalite flagran an se ke vyolasyon enfòmasyon yo ap vin pi souvan epi ak pwojè lwa sa a New York ap pran mezi pou ogmante pwoteksyon pou konsomatè yo epi kenbe konpayi sa yo responsab lè yo pa byen jere enfòmasyon sansib yo."

**Pwokirè Jeneral Letitia James te deklare,** "Lwa SHIELD lan se kounye a lwa tèren an epi li ap bay pi bon pwoteksyon pou enfòmasyon prive konsomatè yo. Moun New York yo merite lapè nan tèt ke konpayi yo pral jije responsab pou sekirize enfòmasyon yo. Nou remèsye Gouvènè Cuomo ansanm ak sipòtè konjwen pou dokiman lwa sa a, Senatè Thomas ak Manm Asanble DenDekker, poutèt defans ak sipò yo pou dokiman pwojè lwa enpòtan sa a".

Nan fen mwa Jiyè 2017 lan, youn nan twa ajans rapò kredi prensipal yo, Equifax Inc., te eksperimente yon vyolasyon enfòmasyon majè ki enplike enfòmasyon pèsonèl, ki gen ladan nimewo sekirite sosyal yo. Anplè vyolasyon sa a toujou enkonni, men entèvansyon konpayi an pa't sifi epi li inakseptab pou ke yo te kite konsomatè yo pote fado pou pwoteje pwòp idantite yo menm si yo te vòlè enfòmasyon yo san ke se pa fòt yo. Nan dat 22 Jiyè 2019, Gouvènè Cuomo, Depatman Sèvis Finansye (Department of Financial Services) Eta a ak Pwokirè Jeneral Eta a James te anonse yon aranjanman 19.2 milyon dola ak Equifax sou vyolasyon enfòmasyon an. An plis de aranjanman sa a,

Equifax te dakò bay konsomatè New York yo sèvis sipèvizyon kredi yo ak rapò kredi anyèl gratis, epi yo pral peye reparasyon bay konsomatè ki afekte pa enfraksyon yo.

### **Lwa SHIELD (S.5575B/A.5635)**

Lwa sou notifikasyon pou vyolasyon enfòmasyon yo nan New York li antidate epi li pa nan nivo teknoloji aktyèl yo. Yon kantite eta ki ap ogmante yo deja egzije pwoteksyon sekirite enfòmasyon konsiderab yo san yo pa enpoze obligasyon ki doub sou sila yo ki deja sijè a lòt règleman sekirite enfòmasyon federal ak sa Eta New York yo epi san enpoze depans ekseksif pou ti biznis yo.

Pwojè lwa sa a ap enpoze pi gwo obligasyon sou biznis ki ap jere enfòmasyon prive kliyan yo, konsènan notifikasyon sekirite epi ki apwopriye pou vyolasyon yo lè li ap:

- Elaji anplè enfòmasyon ki kouvri anba lwa sou notifikasyon an pou enkli enfòmasyon byometrik ak adrès imèl yo ak modpas korespondan yo oswa kesyon ak repons sekirite yo;
- Modènize kondisyon ak pwosedi notifikasyon yo ke konpayi ak antite leta yo dwe swiv lè te gen yon vyolasyon enfòmasyon prive yo;
- Pwolonje kondisyon pou notifikasyon yo pou nenpòt moun oswa antite ki gen enfòmasyon prive yon abitan New York, pa jis sila yo ki gen biznis nan Eta New York;
- Elaji definisyon yon vyolasyon enfòmasyon pou enkli aksè ki pa otorize a enfòmasyon prive yo; epi
- Kreye kondisyon sekirite enfòmasyon ki rezonab epi ki adapte pou gwosè yon biznis.

Pwojè lwa sa a ap antre an vigè 240 jou apre li vin lwa.

**Senatè Kevin Thomas, ki se Prezidan Komite Pwoteksyon Konsomatè yo (Committee on Consumer Protection), te deklare,** "Li krisyal pou ke lwa nou yo nan menm nivo ak mond teknoloji ki ap chanje rapidman an. Lwa SHIELD lan ap elve estanda sekirite yo pou ke okenn moun New York pa vin viktim san rezon ankò de vyolasyon enfòmasyon ak atak enfòmasyon yo. Mwen vle remèsye Gouvènè a poutèt lidèchip li pandan ke nou ap travay pou modènize lwa nou yo epi pwoteje enfòmasyon pèsònèl pou tout moun New York".

**Manm Asanble a Michael DenDekker, ki se Prezidan Komite sou Zafè ak Pwoteksyon Konsomatè a (Committee on Consumer Affairs and Protection), te deklare,** "Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li siyen Lwa SHIELD lan pou vin lwa. Mwen fyè pou mwen fè patenarya ak Biwo Pwokirè Jeneral la, Sena a ak Biwo Gouvènè a pou entwodwi pwojè lwa sa a ki pral ede pwoteje enfòmasyon pèsònèl konsomatè yo, epi kenbe sila yo fè konfyans ak enfòmasyon prive sansib yo nan kèk estanda pa rapò a estokaj ak pwoteksyon ki apwopriye pou yo. Dokiman lwa a mansyone tou ke si yon vyolasyon enfòmasyon rive, yo dwe bay notifikasyon ki apwopriye yo atan".

### **Sèvis Prevansyon ak Rediksyon Vòl Idantite yo (A.2374/S.3582)**

Pwojè lwa sa a ap etabli kantite pwoteksyon alontèm minimal pou konsomatè yo ki afekte pa yon vyolasyon enfòmasyon ki te fèt pa yon ajans rapò kredi. Li mande pou

ajans rapò kredi ki te viktim yon vyolasyon enfòmasyon ki gen nimewo sekirite sosyal konsomatè yo pou yo bay sèvis prevansyon vòl idantite avi yo, epi kote li aplikab, sèvis rediksyon vòl idantite yo pou kliyan ki afekte yo. Pwojè lwa a pral entèdi tou frè ki an rapò ak miz an plas ak lè pou yo retire blokaj sekirite sou rapò kredi konsomatè yo, si rapò sa yo te fè pati yon vyolasyon enfòmasyon ki gen nimewo sekirite sosyal yo. An plis, pwojè lwa a egzije ajans rapò kredi yo pou yo enfòme konsomatè yo sou blokaj kredi yo nan yon vyolasyon enfòmasyon ki enplike yon nimewo sekirite sosyal, epi li ap bay konsomatè yo dwa pou yo bloke kredi yo gratis.

Dokiman lwa a ap antre an vigè 60 jou apre li vin lwa, epi li ap aplike pou nenpòt vyolasyon sekirite nan yon ajans rapò kredi konsomatè yo ki te rive pa plis pase twa ane anvan dat ke lwa sa a rantre an vigè.

**Senatè Leroy Comrie te di,** "Soti depi nan vyolasyon Equifax inisyal lan pou rive nan entèvansyon inadekwat konpayi an, li klè ke Eta New York te bezwen fè pi plis travay pou pwoteje konsomatè yo kont vòl enfòmasyon yo. Nan mond teknoloji ki ap emèje ki toujou ap devlope a, li enperatif pou ke nou mete pwoteksyon an plas pou anpeche ke enfòmasyon pèsònèl tankou nimewo sekirite sosyal yo ak enfòmasyon bankè yo fini fasilman nan men vòl enfòmasyon yo. Mwen te fyè pou mwen fè vanse pwojè lwa ki pral egzije ajans rapò kredi bay sèvis pwoteksyon ak rediksyon risk vòl idantite avi yo nan ka ke yo vyole enfòmasyon konsomatè ki konfidansyèl. Mwen di Gouvènè Cuomo mèsì poutèt li siyen dokiman wa sa a pou fè li vin yon lwa pou pwoteje moun New York yo."

**Manm Asanble a Jeffrey Dinowitz te deklare,** "Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo poutèt li siyen pwojè lwa sa a pou vin lwa. Gwo majorite konsomatè yo te gen enfòmasyon pèsònèl yo ki vyole akòz yon vyolasyon enfòmasyon nan yon moman nan lavi yo. Youn nan pi move vyolasyon ke yo te anrejistre te rive an 2017, lè yon ajans rapò kredi majè nan peyi a te viktim vyolasyon enfòmasyon epi yo te vòlè nimewo sekirite sosyal ak lòt enfòmasyon sansib plizyè milyon konsomatè. Pwojè lwa sa a pral asire ke moun ki afekte yo ap resevwa sèvis sipèvizyon kredi ki apwopriye ak rediksyon vòl idantite yo lè yon ajans rapò kredi pèdi nimewo sekirite sosyal la. Nou ta dwe kenbe ajans rapò kredi yo nan pi gwo estanda yo pliske yo jwe yon wòl vital nan pwoteje enfòmasyon nou yo. Pwojè lwa konsomatè vital sa a se yon pa enpòtan nan kenbe antite sa yo responsab lè yo pa rive pwoteje enfòmasyon nou yo kont move aktè yo".

###

Lèt nou vèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)